



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

100 Cambridge Street Suite 900 Boston, MA 02114 • 617-292-5500

Maura T. Healey
Governor

Kimberley Driscoll
Lieutenant Governor

Rebecca L. Tepper
Secretary

Bonnie Heiple
Commissioner

AVI ODYANS PIBLIK LA

Avi Odyans Piblik sa a disponib nan lòt lang (Español -- Tiếng Việt -- Chinese -- Kreyòl Ayisyen -- Português -- Khmer) sou sitwèb MassDEP nan: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP), anba otorite M.G.L. c. 21A, seksyon 2, 8, ak 16, M.G.L. c. 21N, ak M.G.L. c. 111, seksyon 2C, 142A jiska 142E, pral òganize odyans piblik dapre M.G.L. Chapit 30A sou amannman ki pwopoze nan 310 CMR 7.71: Rapòt emisyon gaz Greenhouse. Amannman yo pwopoze yo aplike egzijans pou anrejistreman ak rapòt emisyon gaz ki lakòz efè tèmik (GHG) pou konpayi ki vann ak distribye konbistib chofaj nan kay ak biznis nan Massachusetts, ki gen ladan L founisè gaz natirèl, lwil gaz, ak pwopàn epi aplike yon egzijans rapòt pou enstalasyon depo gaz.

Amanman yo pwopoze yo ak yon dokiman debaz ki disponib sou sitwèb MassDEP nan: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

De odyans piblik yo pral fèt sou Entènèt ak nan telefòn. Odyans piblik yo pral fèt:

Madi 6 Fevriye 2024 a 10:00 am

Enskri davans pou odyans sa a:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZcsd-igrj8jG9UwWrFEgh4sWB6I8f3A8qDn>

Madi 6 Fevriye 2024 a 6:00 pm

Enskri davans pou odyans sa a:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZUrfuCurDgsHdBhiM3PiLsEsPC0C5UjDeIB>

Tanpri rantrè nan odyans piblik la nan òdinatè w, tablèt, oswa telefòn entelijan w. Ou kapab tou rele nan telefòn ou. Yo ka prezante w temwayaj aloral nan odyans piblik la, oswa yo ka voye kòmantè alekri jiska 5:00 PM nan dat 23 fevriye 2024. Yo dwe voye kòmantè alekri pa imel nan climate.strategies@mass.gov, oswa pa lapòs nan Climate Strategies, MassDEP, 100 Cambridge Street, Boston, MA 02114.

Pou adaptasyon espesyal pou odyans sa yo, tanpri rele Biwo Divèsite EEA nan 617-626-1282. TTY# MassRelay Sèvis 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib nan fòm altènatif sou

This information is available in alternate format. Please contact Melixza Esenyie at 617-626-1282.

TTY# MassRelay Service 1-800-439-2370
MassDEP Website: www.mass.gov/dep

Printed on Recycled Paper

demann. MassDEP ofri sèvis entèprèt/tradiksyon aksè nan lang pou moun ki pa gen anpil konesans nan lang anglè gratis. Si w bezwen yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa a, sèvis tradiksyon, tanpri kontakte Joshua Cook nan joshua.cook@mass.gov oswa 781-429-9656.

Anba lòd Depatman Pwoteksyon Anviwònman an
Bonnie Heiple
Komisyonè